

Ki moun ki ID.me?

ID.me se yon founisè sèvis verifikasyon federal sètifye. Nou se yon patnè ou ka fè konfyans kom ajans gouvènman, platfòm swen sante, enstitisyon finansye, ak lòt biznis ki verifye ak otantifye itilizatè yo.

Ki sa ki Prèv idantite??

Prèv idantite, pafwa yo rele verifikasyon idantite, se tou selman pwosesis ki idantifye moun nan e konfime ke yon moun se moun yo di li ye a. Gen 2 etap kom prev pou idantifye yon moun:


- 1 Pwouve yon idantite egziste**
- 2 Pwèv idantite a se pou moun ki reklame li**

Chak fwa ou bay Kat Idantifikasyon ou nan bank la oswa DMV, ou ap bay prèv pou verifye idantite w. Sepandan, nan mond dijital la, ou pa kapab tou selman montre yon foto ID epi fè yon moun fizikman matche li ak figi w. Olye de sa, òganizasyon yo dwe pran lot etap pou verifye seryezman idantite w' ak ogmante konfyans ke idantite w reklame a aktyèlman se pou ou.

Si òganizasyon yo pa pran lòt etap sa yo, konsekans yo, tankou - vòl idantite ak fwod-kapab grav. An menm tan, òganizasyon yo vle fè li fasil pou itilizatè yo verifye idantite yo sou Entènèt- Osi fasil tankou montre yon kat idantite fizik bay yon kesye labank. Travay pou verifye sekirite ak konvenyans difisil pou pifò òganizasyon pou yo fè pou kont yo. Se la ID.me Vini. [Se la ID.me vini.](#)

Wòl ID.me

ID.me konfime idantite itilizatè yo ki mande aksè nan dijital sèvis yo. Prèv idantite kapab konplete pou sèlman yon moun. Depi ID.me konfime yon idantite li ofisyel.



Ki sa ki Otantifikasyon milti-faktè?

Otantifikasyon milti-faktè (MFA) ranfòse sekirite kont lè li mande de (2) faktè pou verifye idantite w. Faktè sa yo anjeneral gen ladan yon bagay ou konnen (tankou yon non itilizatè ak modpas) plis yon bagay ou posede (tankou yon smartphone).

Platfòm ID.me an pèmèt itilizatè yo konfigire MFA pou kont yo. ID.me ofri metòd MFA sa yo:


- | | |
|--|---|
|  Tèks Mesaj |  Kòd dèlko |
|  Apèl Telefòn Pouse |  Kle Sekirite FIDO U2F |
|  Noti ikasyon |  YubiKey mobil |

Tanpri sonje ke li depann de regleman organizasyon lan ki metod MFA gen dwa pa respekte.

E si mwen pa ka verifye idantite m?

Si tantativ verifikasiyon sou entènèt la pa reyisi ou ka fè opsyon pou konekte ak yon ID.me abit ou fè konfyans.

Yon abit ou fè konfyans se yon spesyalis ID.ME Anploye ki resevwa fòmasyon pa ID.me pou pwouve idantite w. Lè lap verifye idantite yo ka mande w' pou ou telechaje foto dokiman idantifikasiyon yo epi montre yo kopi fizik yo bay yon Abit Konfyans ID.me. Ou menm ka bezwen montre swa de premye dokiman prensipal oswa youn dokiman prensipal ak de dokiman segondè oubyen prèv nimewo Sosyal Sekirite. Tan pou rete tann yon Abit Konfyans ka varye, men ou ka chwazi retounen pita nan yon tan ki pi bon pou ou.



Sipò pou Manb ID.me

Gen plis asistans ki disponib sou sit Èd ID.me an nan help.id.me, kote ou ka soumèt tikè èd. Manb ekip Sipo ID.me disponib 24e pa jou, 7 jou pa semèn epi yo ap reponn kesyon moun k' ap fè reklamasyon an osito ke li posib.